# SCS Global Services ichaita dzokororo yeongororo yemashandiro nezvinotarisirwa nebumbiro reIRMA paUnki mine.

*SCS Global Services iri kukoka pfungwa nemaonero kubva kuvagari vemunharaunda yeUnki nevamwe vanoita zvinhu zvine chekuita nenyaya iyi.*

Nhasi musi **wa 7 Mbudzi, SCS Global Services yakazvimiririra** inokuzivisai kuti kubva musi wa 8 Zvita kusvika 13 Zvita, vaoongorori vayo vachashanyira **Unki Mine** muMidlands Province, Zimbabwe, kuti vazoita chikamu chekuongorora vari panzvimbo mashandiro eUnki mine maererano nezvinotarisirwa nebumbiro reInitiative for Responsible Mining Assurance (IRMA).

Panguva yavanenge vari paUnki, SCS Global Services vachaongorora mashandiro nezvinoshandiswa pamugodhi nekutora zvinobva muhurukuro neavo vanogona kukanganiswa magariro kana mashandiro avo nekuda kweUnki, ava vanogona kusanganisira vashandi, vagari vakapoteredza mugodhi nemapazi ehurumende.

Mushure mekunge vaita wongororo, ve SCS Global vachanyora chinyorwa chinenge chine zvabuda muongororo iyi, chichaiswa padandemutande ye IRMA Site Page. Chinyorwa ichi chinenge chichitsanangura kuti SCS Global yakapa sei zvibodzwa ku Unki, uye sei yakavapa zvibodzwa izvi, maringe ne zvinotarisirwa mubumbiro re IRMA. Chinyorwa ichi chinotarisirwa kuburitsa zvagonekanwa ne UNKI mumatanho mana anotarisirwa ne bumbiro re IRMA anoti: IRMA Transparency, IRMA 50, IRMA 75, or IRMA 100.

**Zvita 8 – 13, 2025**

**Maonero nemafungiro enyu achabatsiridza veSCS Global Services kuongorora kuti mabasa eUnki nezvaanokonzera kuvagari nenharaunda vachizvienzanisa nemabasa anonzi akanaka pasi rose. SCS Global Services inokukokai kuti munyorese kuti muzoita hurukuro nevaongorori vacho panguva pavachange vari paUnki kana kuti mumonyora pfungwa dzenyu maererano ne Unki motumira pawebsite ne email dzinotevera.**

**Hurukuro dzinogona kuitwa neShona kana neChirungu. Vanenge vanyoresa Mwedzi waMbudzi usati wapera vanogona kuita navo hurukuro kuburikidza nerunhare, dzimwe nzira dzedandemutande kana kuti muchitoonana. Vanozonyoresa kutanga kwaZvita vachazoitwa navo hurukuro parunhare kana dzimwe nzira dze dandemutande. Kana nguva ichitendera vanogonawo kuzoonekwa, asikana nguva yaenda vanongozoitwa navo hurukuro parunhare kana dandemutande. Vanoda kupa pfungwa dzavo muzvinyorwa vanogona kutumira zvinyorwa zvavo chero nguva kusvika musi wa Zvita 19 vachishandisa website ne email zvinotevera.**

**Website: www.scsglobalservices.com/irma**

**Email: feedback@scsglobalservices.com**

**Runhare: +1 520 248 4276 (voice or text)**

***Pfungwa dzamuchapa nehurukuro dzatichaita zvichaitwa pasina vashandi ve Unki, uye tichazvichengeta zviri pfimbi pakati pedu nemi chete. SCS Global Services haizoshambadzi mazita evaitwa navo hurukuro kana vanenge vapapfungwa dzavo muzvinyorwa. Zvichabuda zvichatsanangurwa muchidimbu mugwaro reIRMA.***

Valterra Platinum inoshandisa zvichabuda muongororo ye nharaunda nekudyidzana pakati pe Unki mine nevagarisani vayo kuvandudza maitiro emabasa ainoita.Vamwe vanobata ne Unki vanosanganisira vashandi ne vavakidzani vanogona kushandisa zvinobuda muongororo iyi kuzoita hurukuro dzekugadzirisa hukama huri pakati pavo ne Unki.

Unki yakaita ongororo yekutanga yakazara muna 2021 ikabudirira kuwana IRMA 75. Kwapera makore matatu imwe ongororo yakazoitwa ichitarisa kuti Unki yange ichiri kuita mabasa ayo zvinoenderana neurongwa hweIRMA zvikawanikwa kuti yanga yakakodzera kuramba ine chikamu cheIRMA 75. Kana pasina chikoneso ongororo iyi inoitwa kwapera makore matatu ega ega. Asi sezvo Unki mine yaiva yekutanga kuwana ongororo iyi nguva yeongoro yakawedzerwa kuitira kuwana zvidzidzo nekugadzirisa kuti iwedzere kuita zvakanaka.

**Kuwana rumwe ruzivo pamusoro pezvinotevera:**

- Ongororo yezvinotarisirwa ne bumbiro reIRMA paUnki Mine kana kuwana ruzivo rwezvinenge zvichiitika: https://responsiblemining.net/unki
- IRMA yakabvumidza kambani yakazvimirira inonzi SCS global kuti iongorore zvinotarisirwa nebumbiro re IRMA: www.scsglobalservices.com
- Chinangwa cheIRMA, matanho ayo, maitiro ekuongorora, kana dzimwe ongororo dzemigodhi: www.responsiblemining.net
- Kutumira chichemo pamusoro pemaitirwo ekuongorora: responsiblemining.net/complaints